



Pou Piblikasyon Imedya: 16/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRE ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman

Yo te rapòte 13 lanmò nan tout eta a nan 15 fevriye

Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19 epi dekri mezi debaz yo ka pran pou yo ka pwoteje yo kont pwopagasyon enfeksyon viris respiratwa ki vin pi komen nan sezon ivè a.

"Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo kontinye sèvi ak tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante ivè sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi asire ou fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo tou pou yo pran mezi prevansyon komen yo — tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn — pou pwoteje kont grip ak COVID-19 epi redwi fado pasyan yo sou lopital lokal yo. Gouvènè a te repete etap debaz sa yo lè li te bay Nouyòkè yo [mizajou](#) sou efò preparasyon eta pou sante pandan sezon ivè sa a.

[Rapò siveyans grip chak semèn](#) Depatman Sante Eta New York la pou semèn k ap fini nan 4 fevriye, montre grip la rete gaye toupatou nan eta a pandan dizuityèm semèn konsekitif, avèk yon total 310,653 ka pozitif nan 57 konte yo ke yo rapòte jiska prezan. Rapò a te jwenn tou ke ka yo ki konfime nan tout eta a te bese 19 pousan nan 2,374 pou semèn lan, alòske kantite moun ki entène lopital an jeneral te desann 48 pousan nan semèn anvan an, avèk 196 moun ki entène lopital atravè eta a.

Anplis de sa, te gen sis epidemi nan enstalasyon swen avanse ak swen alontèm, ke rapò a te detèmine. Pa te gen lanmò pedyatrik ki asosye ak grip la yo rapòte semèn sa a, sa ki fè total la rete nan nèf nan tout eta a.

Avèk sezon grip la k ap kontinye, Gouvènè Hochul ap raple tout Nouyòkè yo ke li pa twò ta pou yo pran vaksen anyèl pa yo kont grip la. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. An desanm lan, Depatman Sante Eta New York la te anonse [nouvo konsèy](#) pou dòz rapèl bivalan COVID-19 yo, ki disponib kounye a pou timoun ki elijib ki gen jiska 6 mwa.

Dòz rapèl ki ajou yo se premye ki sible pou souch viris orijinal la ak varyant ki fèk ap sikile yo epi yo rekòmande yo pou jèn Nouyòkè yo ak tout moun ki elijib yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou hhak 100 mil moun - 12.18**
- **Kantite ka pou chak 100 mil moun an mwayèn sou 7 jou - 11.04**
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 47,752**
- **Total Pozitif - 2,381**
- **Pousantaj Pozitif - 4.74%****
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 4.39%****
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital - 2,179 (-19)**
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène - 343**
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 222 (-14)**
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon - 91 (-1)**
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 400,656 (+341)**
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS - 13**
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo te rapòte atravè HERDS - 61,654**

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize tès antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif yo. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile - 78,388**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

Rejyon	Lendi 13 fevriye 2023	Madi 14 fevriye 2023	Mèkredi 15 fevriye 2023
Capital Region	14.17	14.67	14.63
Central New York	14.76	14.50	13.65
Finger Lakes	12.02	11.86	11.54
Long Island	9.64	9.27	9.20
Mid-Hudson	11.89	11.49	11.34
Mohawk Valley	12.98	12.19	11.83
New York City	10.53	10.75	10.22
North Country	15.48	15.00	14.56
Southern Tier	12.59	12.73	12.86
Western New York	13.74	13.28	12.41
Nan tout Eta a	11.48	11.43	11.04

Pousantaj rezilta tès pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Lendi 13 fevriye 2023	Madi 14 fevriye 2023	Mèkredi 15 fevriye 2023
Capital Region	7.70%	7.90%	8.10%
Central New York	7.30%	7.27%	7.19%

Finger Lakes	6.46%	6.52%	6.49%
Long Island	3.36%	3.19%	3.21%
Mid-Hudson	4.06%	3.49%	3.45%
Mohawk Valley	6.95%	6.95%	6.95%
New York City	3.72%	3.56%	3.47%
North Country	7.77%	7.62%	7.43%
Southern Tier	6.57%	6.85%	7.05%
Western New York	11.87%	11.58%	11.15%
Nan tout Eta a	4.70%	4.45%	4.39%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tèl pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Lendi 13 fevriye 2023	Madi 14 fevriye 2023	Mèkredi 15 fevriye 2023
Bronx	3.71%	3.60%	3.42%
Kings	3.56%	3.21%	3.17%
New York	3.72%	3.80%	3.72%
Queens	3.86%	3.78%	3.73%
Richmond	4.16%	3.96%	3.65%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 2,381 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,599,705. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	78,870	52
Allegany	10,788	6
Broome	58,719	25
Cattaraugus	19,277	5
Cayuga	20,486	14
Chautauqua	29,448	18
Chemung	26,621	10
Chenango	11,828	9
Clinton	22,610	21

Columbia	13,926	8
Cortland	13,378	16
Delaware	10,185	7
Dutchess	84,943	36
Erie	269,241	164
Essex	7,687	12
Franklin	12,089	9
Fulton	16,613	10
Genesee	16,588	13
Greene	11,034	7
Hamilton	1,098	-
Herkimer	17,496	5
Jefferson	27,229	22
Lewis	7,347	2
Livingston	14,392	10
Madison	16,836	13
Monroe	192,121	94
Montgomery	15,063	9
Nassau	548,453	141
Niagara	59,661	35
NYC	3,079,199	794
Oneida	69,196	38
Onondaga	142,731	76
Ontario	26,196	15
Orange	140,000	57
Orleans	10,582	5
Oswego	34,693	22
Otsego	13,333	5
Putnam	31,643	10
Rensselaer	41,826	28
Rockland	118,795	26
Saratoga	61,576	35
Schenectady	43,730	26
Schoharie	6,591	3
Schuyler	4,326	2
Seneca	7,677	6
St. Lawrence	26,279	11
Steuben	25,280	11
Suffolk	567,308	175
Sullivan	24,674	18
Tioga	14,059	14

Tompkins	26,594	31
Ulster	43,247	27
Warren	18,940	8
Washington	15,823	14
Wayne	21,899	16
Westchester	335,104	127
Wyoming	9,931	7
Yates	4,446	1

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) yo admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	135	75	55.6%	60	44.4%
Central New York	126	67	53.2%	59	46.8%
Finger Lakes	228	71	31.1%	157	68.9%
Long Island	313	144	46.0%	169	54.0%
Mid-Hudson	244	84	34.4%	160	65.6%
Mohawk Valley	51	28	54.9%	23	45.1%
New York City	816	328	40.2%	488	59.8%
North Country	50	28	56.0%	22	44.0%
Southern Tier	47	11	23.4%	36	76.6%
Western New York	169	84	49.7%	85	50.3%

Nan tout Eta a	2,179	920	42.2%	1,259	57.8%
-----------------------	--------------	------------	--------------	--------------	--------------

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#).

Yè, te gen 13 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 61,654. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	1
Erie	1
Kings	1
Livingston	1
Madison	1
Monroe	1
Nassau	1
New York	1
Niagara	1
Queens	2
Saratoga	1
Suffolk	1
Montan Total	13

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](#), voye mesaj ak tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele [1-800-232-0233](#) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###